

# 1 novanm

**(Kriminèl la di Kris :) sonje m wi, lè wa vin pran gou-vènman an nan men ou ! Jezi reponn li : sa m ap di w la, se vre wi : Jodi a ou pral avè m nan paradi.**

Lik 23. 42, 43

**Kounyeya, nanpwen okenn kondanasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezi Kris.** Women 8. 1

## **Pase nan lòt monn nan**

Ekspresyon abityèl sa a, fè yon pon ant lavi sou tè a ak kote mò yo ye a. Men, kisa nou konnen sou lòt monn nan ?

Bib la di, lè yon moun mouri, kò li tounen pousyè tè e souf li tounen jwenn Bondye ki te kreye l la (Eklezyas 12. 7). Pawòl Bondye a angaje chak moun prepare yo, pou y al rankontre Bondye (Amòs 4. 12). Poukisa nou pa ka anpeche randevou sa a ? Paske akoz peche tout moun gen pou jije devan Bondye ki pa ka wè peche : “tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apres a Bondye gen pou jije yo” (Ebre 9. 27).

Men, moun ki kwè nan Jezi yo pap pase nan jijman sa a, paske Jezi Kris, li menm ki jis devan Bondye te deja pote peche moun ki kwè nan li yo sou bwa kalvè a. Moun ki kwè nan Jezi sovè a, pa pè sa ki ka rive demen. Lanmò ki mete fen nan vi sou tè a, va kondui yo nan prezans Jezi, nan repo selès la. La a, yo va tann twonpèt la sonnen, pou leve sòti vivan nan lanmò e viv pou letènite.

Bib la pa ba nou anpil detay konsènan kote kwayan yo ye nan prezans Jezi. Lespri nou twò limite pou nou rive konprann tout detay konsènan lye sa a. Men, esperans Kretyen an sèten, li gen pou li antre nan prezans Senyè Jezi (2 Konrentyen 5. 8).

Anvan yon gran vwayaj, yon moun dwe byen prepare. Konsa, pou yon moun ale nan lòt monn nan, li enpòtan anpil pou n ranje koze nou ak Bondye. Bondye ba ou tan ankò pou fè sa, Bondye lagras la ta renmen wè tout moun sove, li ta renmen wè tout moun rive konn verite a (1 Timote 2. 4).

# 1 novembre

**(Le malfaiteur dit à Jésus : ) "Souviens-toi de moi, Seigneur, quand tu viendras dans ton royaume". Jésus lui dit : "En vérité, je te dis : Aujourd'hui tu seras avec moi dans le paradis." Luc 23. 42, 43**

**Il n'y a donc maintenant aucune condamnation pour ceux qui sont dans le Christ Jésus. Romains 8. 1**

## **Passer dans l'autre monde**

Cette expression courante schématise bien une transition qui se situe à la fin de la vie terrestre. Mais que savons-nous de cet autre monde ?

La Bible déclare que lorsque l'homme meurt, son corps retourne à la poussière et son esprit retourne à Dieu qui l'a donné (Ecclésiaste 12. 7). Elle engage aussi chacun à se préparer à rencontrer Dieu (Amos 4. 12). Pourquoi cet inéluctable rendez-vous ? A cause du péché, tout être humain doit s'attendre au jugement du Dieu saint : "Il est réservé aux hommes de mourir une fois – et après cela, le jugement" (Hébreux 9. 27).

Mais le croyant est déjà à l'abri du jugement, car Jésus Christ, le juste, a porté ses péchés à la croix. Croyant en Jésus le Sauveur, il ne redoute pas l'avenir. La mort, terme de la vie terrestre, le fait entrer dans le repos de la présence de Jésus, où il attend la résurrection pour la vie éternelle.

La Parole de Dieu nous donne peu de détails sur ce lieu où l'esprit du croyant est recueilli après sa mort. Notre esprit limité ne nous permettrait pas de comprendre ce qu'est cet endroit. Mais le bonheur du chrétien, c'est la certitude qu'il sera directement introduit dans la présence du Seigneur Jésus (2 Corinthiens 5. 8).

Avant un grand voyage on se prépare soigneusement. Pour passer dans l'autre monde, il est indispensable de se mettre en règle avec Dieu. Il en est encore temps : le Dieu de grâce "veut que tous les hommes soient sauvés" (1 Timothée 2. 4).